# БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ДЕРЕКЛЕРИ

***Даулетмуратов Ф.Б.***
*НМПИ, стажёр-излениўшиси*

**Таянч сўзлар:** болалар адабиёти,тарбиявий асарлар, болалар шеърлари, содда тил, эстетик тарбия.
**Ключевые слова:** детская литература, воспитательные произведения, стихи для детей, простой язык, эстетическое воспитание.
**Key words:** children's literature, educational works, children's poems, simple language, aesthetic education.

**РЕЗЮМЕ:**
Мақолада қорақалпоқ болалар адабиётининг ривожланиш манбалари ўрганилган. Болалар адабиётида саноқга оид шеърларнинг турлари кўрсатилиб берилган.
**РЕЗЮМЕ:**
В статье изучены источники развития каракалпакской детской литературы. В детской литературе представлены виды стихов, относящихся к счёту.
**SUMMARY:**
The article examines the sources of the development of Karakalpak children's literature. The types of poems related to counting in children's literature are presented.

Балалар әдебияты оғада кең тараўлы, келешекти терең сынаққа алып, оған сәйкес етип жасларды тәрбиялаўды нәзерде тутқан ҳәзирги заман көркем өнер тараўының ең гөззал үлгилериниң бири. Бала адамзат ушын қаншелли дәрежеде шийрин болса, оның әдебиятын қурайтын көркем шығармалар да соншама дәрежеде жоқары маңызлы, көркем болыўды талап ететуғын әдебият. Бул балалар әдебиятының баслы өзгешеликлериниң бири. Буған илим менен техниканың жаңалықларынан танытыў мақсетинде жазылған әдебиятлар да, фантастика, филимлер, кибернетика ҳәм басқа тараўлардан шығармалар киреди. Балалардың жас өзгешелигин есапқа алып жазылған әдебиятлардың сайландылары да балалар әдебиятына киреди. Олар балаларға дүняны, қоршаған орталығын танытыў қәсийетине ийе болады, деген менен олардың бәри де көркем сөз қураллары

арқалы бериледи. Сөйтип көркем әдебият балалар әдебиятының тийкарын қурайды. Оның дереклери қайдан пайда болды.

Қарақалпақ балалар әдебиятының дереклери күтә ертеден басланады. Оның фолклордағы үлгисинде туўысқан халықлар менен ҳәтте Балқан ярым атаўы славян халықлары балалар әдебиятындағы мийраслардың көшпели сюжетлеринде ушырасады. Ал бүгинги шынлығы ортақ болғанлықтан туўысқан халықлар балалар әдебиятындағы гейпара шығармалардағы тийкарғы уғымлар бир-бирине уқсап келгени менен өзинин өзгешелигине ийе болып, үнлеслик қәсийетке ийе болады. Усыларды ҳәм қарақалпақ балалар әдебиятын изертлеўлердиң нәтийжелерине қарап, қарақалпақ балалар әдебиятының дереклерин:

1) халқымыздың әсирлер бойы дөреткен аўызеки әдебиятынан, оның үлгилери болған балалардың өзлери айтатуғын ҳәм балалар ҳаққында ата-аналар айтатуғын халық қосықларынан, ертек, аңыз, жаңылтпаш, жумбақ, нақыл-мақаллардан, эпослық шығармалардағы балалар мийраслардан;

2) классикалық әдебият ўәкиллериниң балаларға қалдырған мийрасларынан;

3) бүгинги жаңаша турмыс шынлығынан;

4) рус ҳәм туўысқан халықлар балалар әдебиятының бир-бирине өзара байланыс ҳәм тәсирлеринен излеў мақсетке муўапық болады.

Балалар әдебияты үлкенлер әдебияты менен бирге пайда болып, ал қәлиплесиўи ҳәм өз алдына әдебият болып раўажланыўы ҳәр бир халық мәдениятының жәмийетлик турмысының өсиўинен ғәрезли болып, ҳәр дәўирге сәйкес келеди. Қарақалпақ балалар әдебияты XX әсирдиң басында үлкенлер әдебияты қурамында таныла баслап, ал 1917-жылғы Октябр төңкерисинен кейин ол жаңа қарақалпақ балалар әдебияты жоқары әҳмийетке ийе. Балалар әдебиятын жасаў ҳәм буннан былай да раўажланыўына дурыс бағдар ҳәм жағдай жасайтуғын әдебияттаныў илиминиң өсиўине әҳмийет берилди. Қарақалпақ жазыўшылары С.Мәжитов, А.Дабылов, С.Нурымбетов, Н.Дәўқараев, Ә.Шамуратов ҳәм басқалар дәслепки жыллары балалар ушын шығармаларын арнады.

Рус жазыўшылары ҳәм әдебиятшылары балалар әдебиятының күтә әҳмийетли мәселелерин илимий изертлеўге өзлериниң баҳалы мийнетлерин арнады. Рус балалар әдебиятының еки томлық сабақлығын дөретти. Рус балалар әдебиятының әййемги дәўирлерден ҳәзирги күнине дейинги мийрасларын изертлеў жумысларын ҳәм хрестоматиясын баспадан шығарды. Олар туўысқан миллетлер балалар әдебиятлары менен бир қатарда

қарақалпақ балалар әдебияты ушын да үлги болып хызмет етеди. Дурыс, әдебий шығармадағы ҳәр қандай қаҳарман ҳәм персонаж образы көркем сөздиң күши менен дөреледи. Мәселен, көринисти, теңизди, гөззалықты жақсы баланы ямаса тентек баланы, сондай-ақ ҳәдийсени жазыўшы сөз қуралы менен сүўретлейди, демек көркем сөздиң күши балаларды тәрбиялаўда, тәрбиялық тәсир жасаўда бас себеп болып табылады.

Қарақалпақ балалар әдебиятының жазба дәстүрлери класссикалық әдебият ўәкиллериниң жазба нусқаларынан басланады. Онда Бердақтың, Күнхожаның, Ажинияздың, Өтештиң, Омардың, Сарыбайдың ҳәм басқалардың мийраслары бар. Олар қарақалпақ балалар әдебиятының жазба әдебият болыў дереклерин қурайды.

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыўына тәсир етиўши жағдайдың бири – қарақалпақ жазыўшылары Россия балалар әдебиятының раўажланыўы жағынан да мәдениятлы еллердиң бири екенин есапқа алып, ең дәслеп рус ҳәм басқа да Европа еллериндеги балалардың ең жақсы шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып таратты. А.С.Пушкинниң, И.А.Крыловтың, Н.А.Некрасовтың, Л.Н.Толстойдың, А.М.Горкийдиң, В.В.Маяковскийдиң ҳәм басқалардың, ағайинли Гриммлердиң, Андерсенниң ертеклери ХХ әсирдиң 30-жылларынан балаларға аўдарма түринде жеткериледи. Олардың биразы жаңа мектеп реформасына сәйкес әдебий оқыўға киргизилген.

Әлбетте жанрлық жақтан ҳәр тәреплеме жетилисип раўажланған үлкен әдебият терең мәнили теориялық мәселелерди пайда ететуғынлығы мәлим, олар балалар тәрбиясын жақсылап барыўға ҳәрекет етеди. Бундай алдыңғы қатар балалар әдебиятының тийкарын салғанлар В.Г.Белинский, Н.Г.Чернышевский, Н.А.Добролюбовлар еди.

В.Г.Белинский балалар әдебиятының тийкарғы ўазыйпасын ашып берди, ол «Балалар китапларының мақсети – балаларды белгили бир ис пенен шуғылландырыў ғана емес, оларды ерси әдетлерден, бузық жолға түсип кетпеўи ушын сақландырыў ғана емес, ал усылар менен бир қатарда оларға тәбияттың берген рууҳ ушқынларын, муҳаббат сезимин, шексизликти сезиўин раўажландырыў болады. Бундай китапшалар балалардың ес-ақылына ғана емес, ал тиккелей сезимине тәсир ететуғын болыўы керек. Сезим билимнен бурын пайда болады, ҳақыйқатты сезбеген адам – оны түсинбеген, билмеген де адам. Балаларды үш әлем тәбияты менен таныстырып, сығасқан халқы бар пүткил жер шарын олар менен бирликте атап өтиў керек. Оларға ҳәр түрли минез-қулықлары, үрп-әдетлери, түсиниклери, исенимлери бар адамзат әўладлары менен жәмий-

етлерин көрсете билиў керек. Ал буның ушын балаларға арнап пүткил тәбиятқа жан берип, жансыз жатқан тасты да, қулазыған қуў даланы да, сарқыраған булақты да, елпип ескен самалды да, жер үстинде ушып жүрген гүбелекти де сүйиспеншилик тил менен, турмыс тили менен сөйлетиў керек. Н.Г.Чернышевский: «биз гейде балалардың ақыл-ойын дурыс баҳалай алмаймыз. Биз баланың зейнин иле бермейди, ақылы өткир емес деп ойлаймыз, жоқ олай емес, баланың тек тәжирийбеси гана жоқ, ал ақылы өткир, қыялы жүйрик екенине исенемиз. Үлкен жастағы адамлардың хәр бирине түсиндире алыў аңсат емес, алгебраның қыйын есапларының он еки жасар бала оқып үйренди ғой… Демек, жумысты билип қолға алыў ғана керек, балалар менен тарийх туўралы да, адамгершилик илимлери ҳаққында да сөйлесиўге болады» [1,648] дейди. Рус классикалық әдебиятындағы бул пикирлер бүгинги күнги жәмийеттиң жаңа жағдайларында раўажланып атырған ҳәзирги балалар әдебиятын, соның ишинде қарақалпақ балалар әдебиятының талабы ҳәм дереклериниң бири болып хызмет етеди.

Балалар ушын есап-санақ қосықлары балалардың математикалық көнликпелерин раўажландырыўға ҳәм оларды саламат ритм сезими менен таныстырыўға хызмет етеди. Төменде бир неше белгили өзбек есап-санақ қосықлары үлгилери келтирилген:

1. Бирден онға шекем есап-санақ қосығы:

*Бир, еки, үш, төрт, бес,*
*Бармақларды қосамыз.*
*Алты, жети, сегиз, тоғыз,*
*Онға шекем санаймыз!*

2. Ҳайўанлар менен есап-санақ қосығы:

*Бир қус, еки қус,*
*Үш қус ушып барды.*
*Төрт ийт, бес пышық,*
*Ҳәммеси унады!*

3. Жаўын есап-санағы:

*Бир жаўын тамшысы,екеўи жаўды,*
*Үштен кейин барлық жер гүлге толды.*
*Төрт қызғалдақ, бес лала,*
*Жаўын санағы жүдә аңсат дослар!*

4. Бармақ есап-санағы:

*Бул үлкен баба бармақ,*
*Бул болса ана бармақ.*

*Үш бармақ, төртиншиси,*
*Кишкене – алдынғы, соңғы!*

Балалар қосықлары балалардың руўхый, социаллық ҳәм ақылый раўажланыўына тәсир етеди. Изертлеўлер қосықлардың төмендеги тәреплерин үйренеди:

1) бала сөйлеўин раўажландырыў

2) математикалық түсиниклер (есап-санақ қосықлары) яки реңлер, формалар, обйектлер ҳаққында билимлерди арттырыў

3) ядлаў ҳәм тәкирарлаў қәбилетлерин арттырыў.

**Әдебиятлар:**

1. Чернышевский Н. Г. Александр Сергеевич Пушкин. Его жизнь и сочинения // Чернышевский Н. Г. Полное собрание сочинений : В 15 т. М. : Гослитиздат, 1947. Т. 3. С. 310–339.

2. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхының очерклери. –Нөкис., 1986.

3. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. –Нөкис., 1990.

4. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. –Нөкис., 1968.